



SpeakUp™

Sekirite nan Lopital la

Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.

Ki youn nan premye bagay ou ta dwe fè pou ede evite erè nan lopital la?

Verifye braslè idantifikasyon pitit ou a. Asire w ke enfòmasyon ki sou braslè a kòrèk. Asire w ke founisè swen yo verifye braslè a epi mande non pitit ou a anvan yo bay nenpòt medikaman, tès oswa tretman. Founisè swen yo ta dwe mande tou pou dat nesans pitit ou a oswa lòt enfòmasyon idantifikasyon.

Pitit ou a bezwen pran yon IV (Entravenèz). Kisa sa ye?

Yon IV se yon jan pou bay medikaman dirèkteman nan venn nan. Yo pa ta dwe kite yon IV pi lontan pase sa nesèsè pou evite enfeksyon. Mande ki lè yo pral retire IV an. Di founisè swen yo si zòn IV an douloure, wouj, oswa gonfle. Mande founisè swen yo si resous (tankou Child Life) oswa medikaman disponib pou ede soulaje doulè oswa angwas pitit ou a pandan plasman IV an.

Men kèk konsèy pou ede w pandan pitit ou a nan lopital la:

- Tout anplwaye yo ta dwe mete yon badj idantifikasyon. Mande pou w wè yon badj si ou pa ka wè li.
- Ekri enfòmasyon. Pa egzanp, ekri non medikaman yo, kantite yo ak pou kisa yo ye. Ou ka anrejistre tou rezilta tès yo, konsèy, ak enfòmasyon ki soti nan men founisè swen w lan.
- Enfòmè founisè swen yo imedyatman si pitit ou a gen doulè. Yo ta dwe verifye regilyèman si pitit ou a gen doulè.
- Yo ka deplase pitit ou a ale nan yon lòt etaj oswa depatman. Verifye si pitit ou a resewva medikaman ak tretman kòrèk yo apre depasman an. Avèti founisè swen yo si ou panse ke gen yon konfizyon kèlkonk.
- Mande vizitè ki malad yo pou yo rele pito oswa pou yo tounen lè yo byen. Pitit ou a ka trape maladi fasil.
- Mande si yon moun ka pase nwit ak pitit ou a. Li enpòtan pou oumenm oswa yon moun ou fè konfyans rete ak pitit ou a chak fwa sa posib pou sèvi kòm defansè li.

Kontakte founisè swen pitit ou a si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.

©The Joint Commission (Komisyon miks lan) | Yo ka kopye epi distribye | Department of Corporate Communications (Depatman kominikasyon antrepriz)